



Pou Piblikasyon Imedya: 20/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISYON PI GWO PWOJÈ TWATI SOLÈ A NAN ETA NEW YORK

*Pwojè a sitiye nan Konte Orange sou twati Medline Industries ki se pi gwo
fabrikan ak distribitè pwodui medikal prive nan peyi a*

*Pwojè solè kominotè 7.2 Megawat la ap ede diminye depans enèji pou konpayi ak
rezidan yo nan rejyon Mid Hudson lan*

*Sipòte Objektif Lwa sou Klima New York la pou enstale sis jigawat solè vè 2025
epi akselere pwogrè pou rive a dis jigawat vè 2030*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisyon pi gwo pwojè twati solè nan Eta New York. Pwojè solè kominotè 7.2 megawat la, sitiye nan Konte Oranj sou tèt yon sant distribisyon ke Medline Industries posede, ki se pi gwo fabrikan ak distribitè pwodui medikal prive nan peyi a, ap ede diminye depans enèji alafwa pou konpayi ak rezidan yo nan rejyon Mid-Hudson lan. Anons jodi a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act) New York la pou enstale sis jigawat enèji solè ki distribye vè 2025 epi akselere pwogrè pou rive nan dis jigawat vè 2030.

"New York kontinye yon egzanp pou lòt eta yo avèk devlopman enèji renouvlab agresif nou an, ak angajman nou pou enèji solè ki pwòp, bon mache ki se kle pou konstui yon rezo elektrisite zewo emisyon avèk siksè," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finisyon pwojè sa make yon gwo etap nan Empire State la epi reflete yon tandans investisman prive ki reyisi nan pwojè ki santre nan kominote yo kounye a ki nan kè tranzisyon vè enèji pwòp nou an."

Pwojè solè kominotè a, ki konpoze ak plis pase 17,000 pano, te acheve nan dat 26 me 2023, epi jenere 8.5 milyon kilowat pa èdtan (Kwh) kouran pwòp chak ane, ase pou alimante plis pase 1,600 kay, pandan l ap diminye emisyon kabòn de apeprè 6,000 tòn metrik chak ane, ki egal ak lè ou retire plis pase 1,200 machin sou wout la. Pwojè plis pase 8 milyon dola a, ki chita nan Vil Montgomery, te konstui avèk apeprè 5 milyon dola nan investisman prive ke devlopè PowerFlex - yon founisè enèji solè, estokaj, ak solisyon rechaj pou veyikil elektrik (VE) pou kliyan komèsyal yo, epi kounye a ke Medline Industries posede. Otorite Rechèch ak Devlopman nan Enèji Eta New York

(New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te bay plis pase 3 milyon dola nan pwojè a pou sipòte atravè [NY-Sun](#), ki se inisyativ Eta a pou fè pwojè solè a gran echèl yo avanse pandan l ap diminye depans yo epi rann enèji solè plis aksesib pou kay, biznis, ak kominote yo.

Prezidan ak Direktè Jeneral NYSERDA, Doreen Harris te deklare, "Sou lidèchip Gouvènè Hochul la, New York se premye mache solè kominotè nan peyi a - k ap atire nouvo patenarya piblik-prive pou ede nou transfòme fason nou alimante kay ak biznis yo. Vizyon ak angajman Medline Industries ak Powerflex pataje pou pwojè sa sèvi kòm yon modèl pou lòt pwopriyete komèsyal yo konsidere pou loje kalite pwojè konsa ki ka diminye enpak kabòn yo pandan y ap devlope aksè nan enèji solè pou rezidan yo nan kominote ki antoure yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Sous enèji dirab se youn nan faktè kle pou pwopilse nou nan yon avni pou devlopman ekonomik ki konsyan sou plan anviwònmanal. Avèk pwojè sa, nou pwouve ke nou devan nan kous enèji pwòp la, epi sa demontre ke patenarya ki odasye ant pati ki konsène prive ak kominotè yo ap kondui vè yon siksè san presedan nan Eta New York."

PDG PowerFlex la, Raphael Declercq te deklare, "Antanke devlopè pwojè, nou fyè pou te ede fè pwojè solè kominotè sou twati inovan New York sa vin yon reyalite. Patenarya PowerFlex ak Meline pandan plizyè ane te pèmèt enstalasyon plizyè pwojè solè nan peyi a, epi nou felisite angajman pwofon ak epi kontini yo pou dirabilite."

Vis Prezidan ESG Medline, Francesca Oliver te deklare, "Medline se inebnanlab nan angajman li pou konstui yon biznis ki dirab sou plan anviwònmanal lè li investi nan teknoloji vè yo. Enstalasyon pi gwo pwojè twati soulè nan New York la nan sant distribisyon nou an nan Montgomery bay egzanp devouman nou pou rann swen sante pi dirab pou founisè yo ak pasyan yo nan eta a."

Enèji solè kominotè enplike yon gwo gam pano solè ki pèmèt pwopriyete kay ak lokatè yo gen aksè nan enèji solè san yo pa enstale pano sou kay yo. Enèji a toujou livre atravè founisè elektrik regilye yo pandan kouran ki pwodui nan jeneratris solè kominotè a enjekte dirèkteman nan rezo elektrik la epi konsomatè yo resevwa kredi sou fakti elektrik yo.

Sant distribisyon Medline lan, ki te ouvri nan out 2022, anplwaye plis pase 700 moun k ap distribye pwodui ak aparèy pou founisè swen sante, tankou lopital, mezon retrèt, ak sant chiriji anbilan. Etablisman an ap itilize 40 pousan enèji pwòp ki jenere pa pwojè solè a, ki kite 60 pousan disponib pou apeprè 600 rezidan, ki ka enskri nan sistèm lan epi resevwa kredi yo sou fakti elektrisite yo pou yon ekonomi pa mwa ki estime a 10 pousan. An retou pou yon angajman pou konsève 344 epi kreye 266 nouvo djòb, Empire State Development te bay Medline jiska 10 milyon dola Kredi Enpo pou Travay Excelsior.

Anons jodi a apiye siksè New York pou NY-Sun, kote enèji solè te ogmante a plis pase 3,000 pousan atravè eta a depi 2012, eksplwate plis pase 7.4 milya dola investisman prive epi diminye depans enèji solè yo a 72 pousan depi kòmansman inisyativ la. Aktyèlman genyen plis pase 4,600 megawat solè ki distribye nan operasyon, avèk apeprè 3,500 megawat nan devlopman ki nan faz final yo. An 2022, New York te vin premye mache solè kominotè nan Etazini, ki bay apeprè mwatye kapasite enèji solè kominotè nan peyi a nan ane ki pase a. Gen apeprè 13,400 moun ki angaje nan enèji solè atravè New York.

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, "Enèji solè sou twati ap jwe yon wòl kle pou atenn objektif enèji revouvlab Eta New York, epi se akòz pwogram tankou NY-SUN ke nou obsève yon ogmantasyon 49 pousan nan enstalasyon sou twati pandan ane ki pase a. Sa se yon bon nouvèl ke pi gwo pwojè twati solè nan Eta New York la nan Medline Industries sitiye isit la nan Hudson Valley. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak NYSERDA pou sipò kontini yo pou pwojè enpòtan tan kou sa yo."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Endistri Enèji Solè New York (New York Solar Energy Industries Association, NYSEIA), Noah Ginsburg te deklare, "Pwojè solè kominotè sou twati 7.2 megawat sa mete aksan sou opòtinite pou fabrikasyon New York ak biznis endistriyel yo ranfòse pwofitabilite yo avèk enèji solè pandan y ap bay ekonomi sou fakti elektrik yo pou Nouyòkè yo epi sipòte pwogrè pou atenn objektif enèji pwòp anbisye nou yo. Pwojè sa te rive posib grasa pwogram solè kominotè ak NY-Sun ki se lidè nan peyi a, epi egzekite pa lidè biznis inovan nou yo. Asosyasyon Endistri Enèji Solè New York Solar la (New York Energy Industries Association, NYSEIA) ta renmen felisite Gouvènè Hochul, NYSERDA, Medline Industries, ak Powerflex pou achèvmman pwojè solè ki fè enpak sa."

Direktè Rejyonal Nòdès pou Kowalisyon pou Aksè nan Enèji Solè Kominotè (Coalition for Community Solar Access), Kate Daniel, te deklare, "Nou fyè pou selebre pwojè istorik sa pou Eta New York. Pwojè sa demontre fyèman nou kapab debloke potansyèl konplè enèji solè kominotè a lè itilize espas la efikasan pou deplwaye enèji pwòp epi eksplwate investisman prive pou konstui enfrastrikti piblik ki livre ekonomi enèji ki enpòtan pou kominote a. Politik enèji solè kominotè prensipal New York ak angajman pou fè enèji ekitab avanse, rann pwojè tankou sa posib. Nou aplodi Gouvènè Hochul, NYSERDA, ak Depatman Sèvis Piblik la (Department of Public Service) pou travay dilijan yo pou rann enèji solè lokal aksesib pou tout Nouyòkè atravè enèji solè kominotè."

Prezidan Lig Elektè Konsèvatè (League of Conservation Voters) New York la, Julie Tighe, te deklare, "Nou kontan pou wè achèvmman pwojè solè sou twati a nan Konte Orange avèk 7.2 megawat enèji pwòp ki previ pou kay ak biznis rejyon mid-Hudson yo. Antanke pi gwo enstalasyon nan kalite sa nan eta a, pwojè sa pa sèlman enòm nan dimansyon li, men li se yon demonstrasyon solid de angajman kontini Gouvènè Hochul pou kwasans enèji solè, epi nan fason ki pi laj, pou asire ke New York se yon lidè nan konba kont chanjman klimatik la."

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ak enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, New York se sou yon chemen pou reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon disi 2040, ki gen ladan pwodisyon enèji renouvlab 70 pousan an 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an nan mitan syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon yo vann nan Eta a gen zewo emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye avanse aksyon klimatik New York la ak prèske 400 Kominote Entelijan pou Klima ki anrejistre ak 100 sètifye, prèske 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo kominote inisyativ siveyans lè kominotè Eta a nan 10 kominote defavorize atravè eta a pou ede lite kont polisyon lè a ak konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)